

# Nouvote Pou Tout Fanmi Yo



State of Florida  
Department of Education

Bi entèvansyon bonè ak pwogram jaden danfan se pou amelyore vi jèn timoun yo, enkli timoun andikape yo ansanm ak tout fanmi yo. Depatman Sante la Florid, Sèvis Medikal Timoun, Biwo Premye Pa yo, ak Depatman Edikasyon, Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis pu Elèv yo, vle asire yo ke yo ofri bon jan kalite pwogram. Youn nan fason nap konnen si pwogram nou yo fè efè se mezire pwogrè timoun yo fè pandan yo enskri nan pwogram sa yo. Yon lòt fason se apò fanmi yo. Nou ta renmen fè ou konnen kijan nou pral konpile enfòmasyon sa yo.

## **Kijan nap fè pou mezire pwogrè timoun la ap fè?**

Nap evalye chak timoun ki nan pwogram “Early Steps” la ansanm ak sa ki nan pwogram jaden danfan lekòl distri yo pou timoun andikape yo. Na pral itilize yon sistèm evalyasyon ki rele “Battelle Developmental Inventory, 2nd Edition (BDI-2).”

## **Kisa BDI-2 a mezire?**

Li mezire aptitud sosyal, kominikasyon, ansanm ak aptitud fizik e mantal epi ede timoun la aprann pou li fè zafèl poukont li.

## **Kilè sa ap fèt?**

Nap evalye timoun la di moman li komanse nan pwogram la epi yon dezyèm fwa lè lap kite pwogram la.

## **Kijan nap pran enfòmasyon a nan men fanmi yo?**

Nap mande fanmi yo ranpli yon ankèt.

## **Kijan nap sèvi ak enfòmasyon sa a?**

Nap rapòte enfòmasyon jeneral sou pwogrè timoun yo fè ak apò fanmi yo bay gouvèneman federal, pwogram lokal yo ak piblik yo. Enfòmasyon sa a va ede ajans federal, leta ak lokal detèmine efikasite pwogram yo ak kijan nou ta ka amelyore yo. Nou pap bay enfòmasyon sou okenn timoun an patikilye oubyen fanmi.

## **Ki kote fanmi yo kab jwenn plis enfòmasyon sou kalite pwogram la?**

Chak ane, enfòmasyon sou Early Steps ak pwogram lekòl distri yo al nan yon rapò ke yo rele “Annual Performance Report.” Rezilta rapò sa yo sou sit Web sa yo:

- Sit Web pou Premye Pa yo (Early Steps) nan <http://www.cms-kids.com/earlysteps/reports/index.html>
- Sit Web Depatman Edikasyon (Department of Education) nan <http://www.fldoe.org/ese/>

## ***Ki kote fanmi yo kab jwenn enfòmasyon pou kontak lokal?***

Biwo Lokal Premye Pa yo  
<http://www.cms-kids.com/contact/earlysteps.pdf>

Lekòl Distri pou Pwogram Jaden Danfan pou Timoun Andikape yo  
<http://www.fldoe.org/ese/pdf/Pre-K%2007-08.pdf>